# ҚАРАҚАЛПАҚ ЖЫРАЎШЫЛЫҚ ӨНЕРИ ҲӘМ МЕКТЕБИ: ДӘСТАН ДӨРЕТИЎШИЛИК ДӘСТҮРЛЕРИ, САҒАЛАРЫ, ҲӘЗИРГИ ЖАҒДАЙЫ, КЕЛЕШЕК ТӘҒДИРИНИҢ ӘҲМИЙЕТЛИ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**С.Б.Аяпов –** *үлкен оқытыўшы*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*
**Г.М.Эгамқулова –** *таяныш докторант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** жиров, қобиз, жировчилик мактаби, достон, адабий мерос
**Ключевые слова:** жиров, кобиз, жиров школа, эпос, литературное наследие
**Key words:** fat, kobiz, fat school, epic, literary heritage

Жыраў-қолына қобыз алып халықтың әдебий мийрасы болған, дәстанларды, тарийхый жырларды жырлап, халыққа тамаша бериўши, өз заманының арзыў арманын айтыўшы, қобызға қосып аўыз әдебиятының үлгилерин жырлаўшы сөз шебери, талант ийеси, хош ҳаўазлы сәзенде.

Қарақалпақ халқында жыраў үлкен ҳүрметке ийе болған. Олар халық пенен бирге болып, халықтың улы менен қызларының ўатанды, елди қорғаўдағы ерлик ислерин көркем сөз бенен тәриплеген. Өзинен кейинги шәкирт қалдырыў оларға дәстүр болған [1:76].

Профессор К.Алламбергеновтың көрсетип өткениндей, қарақалпақ қобызы ҳәм жыраўшылық өнери тарийхы ҳаққында да айтатуғын болсақ, негизинде бул өнер қарақалпақларда ерте дәўирлерден баслап-ақ пайда болған. Себеби, Қарақалпақлар Х әсирлерден-ақ өзлериниң ҳәзирги атамасындағы тарийхый ўатаны болған Әмиўдәръяның төменги қуярлықларында, Арал теңизиниң қубла-шығыс этирапларында пайда болған ең ески халықлардың бири. Халқымыздың этногенези тарийхының дәслепки басқышлары оннан да арыға-бизиң эрамызға дейинги сак-массагетлер қәўими дәўири тарийхына барып ушласатуғынлығын биз тарийхтан жақсы билемиз. Солай екен, халқымыздың көркем өнери, улыўма, саз ҳәм сөз өнери тарийхын да усы дәўирлерден баслап, ерте дәўирлерден биз бенен бирге қоңсылас жасап келген өзбек, қазақ, түркмен, тәжик халықлары тарийхы менен тығыз байланыста салыстырып үйренген мақсетке муўапық болады, Бул орында қарақалпақ фольклоры, әдебияты ҳәм көркем өнер тарийхын изертлеўши алымлар Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, Қ.Мақсетов, К.Мәмбетов, Т.Адамбаева С.Бахадирова, А.Алламуратовлардың, Қорқыт ата қарақалпақ жыраў-шайырларының пири, қобызды ойлап тапқан белгили саз ҳәм сөз устасы, өз заманының жетик данышпаны, ойшыл жыр атқарыўшысы ҳәм көрнекли сөз шебери, дөретиўшиси, сонлықтан да ол қарақалпақ саз ҳәм сөз өнериниң сағасында турыўы керек, деген пикирлерин қоллап-қуўатлаўымызға туўры келеди [2].

Қарақалпақ жыраўшылық өнери бизиң ҳәзирги даўиримизге шекем бир қанша жолларды басып, көп әсирлик басқышлардан өтип келгенлиги қәнигелерге кеңнен мәлим. Мине, усы узақ дәўир аралығында жыраўдың, оның саз әспабы қобыздың, улыўма жыраўшылық өнердиң ең бийик шыңларға шығып раўажланған ўақытлары да, хеш кимге қызық болмай итибардан шетте қалып кеткен гезлери де болды. Бул сөзди айтыўымның себеби, бизге мәлим Кеңес ҳүкиметиниң 1930-1940-жылларында биз сүйип атқаратуғын ҳәм тыңлайтуғын «Едиге», «Ер Шора» сыяқлы дәстанларды атқарыў қадаған етилгенлиги, оны атқарған жыраўларды қуўдалаў, жазаға тартыў сыяқлы ислердиң әмелге асырғанлығы, ҳәтте 1950-жыллардан тап Ғәрезсизликке дейинги дәўирлер ишинде де «Алпамыс», «Қоблан» сыяқлы дәстанлар үстинде болған ескиликтиң сарқыты деген нигилистлик көзқараслардың сарқыты сақланып келгенлиги хеш кимге сыр емес. Әне, әйне усындай кертартпа көзқараслар менен иллетлер жыраўшылық өнериниң белгили бир ўақытларға шекем раўажланыўына, оны туўған халқынан алыслатыўға себепши болған факторлар десек қәте болмас.

Көрип отырғанымыздай, жыраўшылық өнери урыстан кейинги дәўирлерде де оғада қыйын жағдайларда раўажланған…

Жыраўшылық өнеринде устаз шәкирт арасындағы қарым қатнас айрықша көзге тасланады. Қарақалпақ халқының дәстүринде халық жыршыларының шәкирт таярлаўлар ҳәр түрли болған. Бул бойынша халқымыз арасында бир қатар аңызлар кең тарқалған.

Халық өзи сүйген, өзлери ҳүрмет еткен ҳәм ел-журттың ар-намысын жырлаған инсанлар ҳаққында ҳәркыйлы аңызлар дөретеди, оның өмирин идеалластырады. Аңыз тарийхты анықлаўға, шын болған ўақыяларды айдынластырыўға жәрдем беретуғын бирден-бир аўызеки дәрек.

Әдетте, уллы инсанлар туўралы аңызларға нәзер тасласақ, олардың тулға дәрежесине жетисиўине, я шыққан теги, яки устазы себепши болғанлығы хаққында айтылады. Шежирелик дәреклер буны көбирек адамның түп-тийкары менен байланыстырады. Халық аңызларында, рәўиятларында шәкирттиң кәмилликке ерисиўине устазы себепкер болады. Устазлар ҳәттеки ғайбана қоллаўшы болыўы да мүмкин. Биз Шаңқай жыраўдың уллы устазы Аймақ ата ҳаққындағы усындай аңызлық дәреклерге ийемиз.

Аймақ жыраў – XVIII әсирде Бухара қарақалпақлары арасынан шыққан атқарыўшы. Қарақалпақ фольклоры материалларында Аймақ жыраў бойынша айырым дәреклер ушырысады. Халық аңызларына қарағанда Аймақ жыраў Шаңқай жыраўдың ғайбана устазы. Фольклоршы Ә.Алымовтың Шаңқай жыраў туўылғанының 200 жыл толыўына байланыслы жәрияланған мақаласында уллы ҳапыздың кеўил дүньясының ашылыўыны Аймақ жыраў мәдеткер болды.

Қарақалпақ жыраўшылық тарийхында көп жыраўлардың аты белгили болғаны менен де, олардың өмири толық изертленбеген. Биз Қ.Айымбетов ҳәм Т.Адамбаевалар жыйнаған материаллардан басқа мағлыўматларды еле жарытыўлы билмеймиз. Көпшилик дәреклер халқымыздың арасындағы қатықулақ инсанлардың яд сандығында сақлаўлы.

Бирақ қандай қыйын жағдайлар болыўына қарамастан, бул өнердиң ҳәзирги түркий халықлар ушын тек бизде ғана сақланып қалыў сырлары таң қаларлық ҳәм изертлеўге турарлық қубылыс.

Жыраўшылық өнерин биз тек қарақалпақ халқында ғана бар, тек бизде ғана сақланып қалған деп еркин ҳәм аңсат қылып айтамыз. Бирақ, усы күнге шекем жетип келиўи аңсат болмағанлығы ҳаққында жоқарыда келтирилген мысаллардан басқа да толып атырған фактлер менен дәлиллеўимиз мүмкин. Жыраўшылық өнери хақыйқатында да ҳәзир тек бизиң қарақалпақ халқында ғана сақланып қалған екен демек, биз оны көз-қарашығымыздай абайлап асырап сақлаўымыз, оның раўажланыўы ушын жол ашып, қоллап-қуўатлаўымыз керек. Бул исти тек қолына қобыз алып жыраўшылық етип киятырған өнер ийелери емес, ҳәмме биргеликте, керек болса мәмлекетлик сиясат дәрежесине алып шығып, әмелге асырыў керек деп ойлайман. Өйткени, бул қобыз саз әспабы қарақалпақ

халқының айнасы, онда атқарылатуғын терме-толғаўлар, дәстанлар усы халықтың тарийхынан, турмысынан, мәдениятынан, көркем өнеринен, әдебиятынан дерек береди. Себеби, хәр бир халық өзине тән өз мәдениятын, саз әспабын, музыкасын салтанат етип көрсеткен жерлерде биз де қобызымыз, дуўтарларымыз пенен мақтанамыз. Халқымызда саз әспаблардан басқа да бир қанша мақтанатуғын материаллық ҳәм материаллық емес байлықларымыз жүдә көп. Биз бүгинги күнде жоғалып кетиў қәўпи бар онша елеспесиз болып қалған жыраўшылық өнери хаққында ғана сөз етиўди мақул көрип усы пикирлерди билдирип отырмыз.

Ғәрезсизликтиң шарапаты менен бүгинги күнге келип жыраўшылық ҳәм бақсышылық өнери қайтадан бой тиклеп, өзиниң бурынғы қәддине келип, халық тилине алынып атырғаны бәршемизге мәлим. Бирақ, соған қосымша жыраўшылық өнерин раўажландырыў ушын еле де бир қанша илажларды әмелге асырған мақсетке муўапық болар еди. Жыраўшылықты сақлап қалыў ҳәм раўажландырыў ушын биринши нәўбетте исленетуғын иләж оны халықлық тойлар ҳәм мәмлекетлик концертлер бағдарламаларына киргизип жыраўларды бақсылар менен бир қатар да параллель айттырып барыў дәстүрин, иләжы болса, бурынғы халық той бәзимлериндеги жыраў айттырыў дәстүрлерин жолға қойыў.

Дурыс, халықаралық фестивалларда, республикалық концертлерде шығып, халық нәзеринде жүрген жыраўларымыз да бар. Бирақ, оларға асып кеткенде үш минутлық терме яки толғаў я болмаса дәстанлардан үзиндилер атқарыўдан басқа номер рухсат етилмейди. Енди усы жерде айтып өтиў керек, бул жыраўшылық өнери бизиң ертеден киятырған миллий музыкамыздың сағасы болатуғын болса, оларда атқарып атырған дәстанлары бизиң фольклорымыздың ең ири эпикалық жанры болып есапланатуғын болса ҳәм олардың хәр бири, мысалы қаҳарманлық дәстанлар ең кем дегенде төрт-бес саатлап атқарылатуғын болса ҳәм усы ўақыт ишинде толық бир дәстанды сүўретлеп, ўақыяларын түсиндирип беретуғын болса, жоқарыда көрсетилген үш минуттың ишинде бул жыраўлар дәстанлардан үзиндилер атқарып, халыққа не түсиндирип бере алады ҳәм еситип отырған халық та нени түсинеди?! Ақырғы ўақытлары усы үш минутлық шығыўлар да кемейип баратыр. Ал, қобызды эстрадаға араластырып атқарыў мәселесине келсек, бүгинги күнде жыраўшылық жолында атқарып жүрген көпшилик жасларымыз усы жолдан пайдаланып атыр. Бирақ, жыраўшылық өнерин түсинетуғын професссионал музыкантларымыз, жасы үлкен ақсақалларымыз бул пикирди қоллап-қуўатламаўы мумкин. Деген менен бул жас жыраўларымыздағы сахнаға шығып, халықтың алдында өзлериниң өнерин көрсеткиси атқарғысы келгенинен келип шыққан умтылыс ҳәм қубылыс деп баҳаласақ арзыйды. Себеби, жыраўшылық яки бақсылшылық бойынша тез-тез концертлер я болмаса таңлаўлар болып турмағанлығы ушын да олар өз өнерин заманагөй көринисте алып шығып, сахналарға шығыўға, халыққа көриниўге ҳәрекет етип атыр. Расында да, булар жырлап билсе, шертип, атқарып билсе, олардың бул талантларын үлкен сахна майданында я болмаса халық аралық таңлаўларда яки халық арасындағы тойларда еситип баҳа берип, ўақтында қоллап-қуўатлап турмаса, булар үйлеринде жырлап, атқарып отыра бергенинен кимге, не пайда?! Усы жерде «Пайтахтымыз Нөкисте жыраў, бақсылар орайы шөлкемлестирилсе, ол жерде тек ғана Нөкистиң өзинен емес, пүткил Қарақалпақстан бойынша барлық жыраў, бақсылар жыйналатуғын болса, тез-тез ушырасыўлар өткерилип турылса» деген тилек әрманлардың орынланыўын бизлер де қәлер едик. Себеби, өтип кеткен қанша марҳум жыраўларымыз, бақсыларымыз бар, соларды еске түсирип еслеў кешелери, концертлер өткерилип турса, сонда ғана жас жыраў, бақсыларымыз сахналарға қобыз, дуўтар намаларын бузбаған ҳалында атқарып шығып сахна жүзин көрип жүреди. Қала берди, бул жыраўшылық ҳәм бақсышылық өнерин сақлап қалыўға ҳәм оны раўажландырыўға олар да өз үлеслерин қосқан болар еди, деп ойлайман.

Және бир орынлы мәселе – бул жыраўларымыздың ҳәм бақсыларымыздың музыка мектеплерин, музыкалық колледжин питкергеннен кейинги жоқары оқыў орнын даўам еттириў ушын бир қанша машқалалар бар екенлигин айтқымыз келеди. Себеби, музыка мектебинде оқып, колледжди де питкерип атырған жас өспирим усы жыраўшылық ҳәм бақсышылық жөнелиси бойынша жоқары оқыў орынларында оқыўын даўам еттиргиси келеди. Бирақ тилекке қарсы, ол жерлерде вокал ҳәм саз әспап атқарыўшылығы, ямаса фольклор ҳәм этнография сыяқлы бөлимлерге оқыўға тапсырады ҳәм тәлим алады. Биз бул қәнигеликлерди ийелегенди де жүдә қоллап қуўатлаймыз. Деген менен, аты аталған қәнигеликлерде жыраўшылық, бақсышылық өнери имканиятларын ийелеў мүмкиншилиги маман қәнигеликлер ийелеў дәрежесинде кең емес. Сонлықтан бақсылардың ҳәм жыраўлардың өз қәнигеликлерин, дәстанын, намаларын үйрениўге қолайлы арнаўлы қәнигелик болып ашылыўын қәлер едик. Бизге белгили Ташкент қаласындағы Юнус Ражабий атындағы өзбек миллий музыка көркем өнери институтының «Дастан (бақсышылық)» кафедрасы бар. Оннан қала берди, қоңсылас республикалардан бири болған Қазақстан Республикасы Алматы қаласындағы Қурманғазы атындағы Қазақ мәмлекетлик консерваториясында да өзлериниң миллий музыкасынан келип шығып «Дәстурли əн-күйлер» кафедрасы бар болып, онда қазақ халқының музыкалық саз әспабы болған домбыраның намаларын, ондағы атқарылатуғын жыр ҳәм дәстанларды үйретеди. Мине, хәр бир халықтың усындай өзлериниң миллий атқарыўшылық жөнелисинен келип шығып, жергиликли миллий музыкасына қарап, жоқары оқыў орынларында кафедралар, қәнигеликлери дүзилген екен, биз де пайтахтымыздағы жоқары оқыў орынларының биринде өз миллий музыкамыздан келип шыққан ҳалда жыраў, бақсылар бөлими сыяқлы бөлимлерди ашып, мектепти яки колледжди питкерген жас жыраў, бақсыларымызға сол жерде ири көлемли дәстанларды үйретип, жаҳан сахналарына таярласақ ҳәм оқытсақ, мине, бул да усы өнердиң раўажланыўына жасалған үлкен имканиятлардың бири болар еди.

Бул мәселеде «Еркин Қарақалпақстан» гәзетасының усы жылдың 30-январь №13 санларында шыққан профессор К.Алламбергеновтың «Мәңгилестирилиўи тийис мәдений мийраслар» атамасындағы мақаласында қобыз ҳәм жыраўларды, жыраўшылық өнерди сақлап қалыў, раўажландырыў ҳаққындағы пикирлери дыққатқа ылайық. Мақалада көрсетилиўинше, жақында Нур-Султан қаласында Қазақстан халқы Ассамблеясы ҳәм «Жәйҳун» Қарақалпақ этномәдений аўқамы және «Жыр» орайының шөлкемлестириўи менен «Қырық қыз» – қарақалпақ халқының қаҳарманлық дәстаны» атамасында халықаралық илимий онлайн конференция өткизилген. Автордың итибарын тартқан мәселе - Қазақстанда қобыз ҳәм жыраўшылықты үгитнәсиятлаўда, бул өнерди раўажландырыўда көп унамлы жумысларды ислеп атырғаны болды. Мәселен, Қазақстанда «Жыр» орайы деген шөлкем жумыс ислейтуғынлығы, оның тийкарғы мақсети-қобыз ҳәм жыраўшылық өнерин раўажландырыў екенлиги атынан да белгили.

Буннан үш жыл алдын Түркия, Әзербайжан, Қазақстан – үш мәмлекет биригип «Қорқыт атаның мийрасларын» ЮНЕСКОның материаллық емес мәде-

ний мийраслары дизимине киргизилген еди, -дейди илимпаз. Сондай-ақ, Қазақстанның Қызылорда ўәлаяты аймағында, Арал теңизине жақын жерде Қорқыт атаның қобызына арнап естелик комплексин орнатты. Естелик қобыз жел менен қоңыр, мүңлы сес шығарады. Инновациялы қатнас жасалған бул естелик бүгинлиги Аралбойы аймағының визит карточкасы болып хызмет етпекте. Ҳәр жылы жел менен шертилетуғын қобыз естелигине мыңлап туристлер ағылмақта. Естеликти Қызылорда ҳәкимлиги қурған [2].

Ҳақыйқатында да, профессордың дурыс көрсеткениндей, мәдений мийрасларымыз халықаралық көлемде кең үйренилип, сырт ел шөлкемлериниң дыққат итибарында болып, айрықша ғамхорлықта болыўы тийис. Соның менен бирге, профессор бүгинги күнниң жас әўладына қарата батыл саўаллар қояды:

«Усы орында саўал туўылады: бизде неге усындай естеликлер қурыўға болмайды? Қорқыт ата мийраслары Аралбойы аймағында дүньяға келген болса, оны ЮНЕСКОның мәдений мийраслары дизимине енгизиўде биз неге шетте қалып қойдық? Биз неге «Жыр» орайы қусаған шөлкемлер дүзип, миллий өнеримизди дүнья аренасына алып шықпай атырмыз ?!» [2]

Бул самқалы пикирлер биз жаслар ушын үйрениўге, изертлеўге турарлық тийкарғы мәселелер болып саналады.

Жуўмақлап айтқанда, жоқарыдағы пикирлерге тийкарланып жәмийетшилигимиз де бул мәселелерге итибар қаратса екен деймиз. Себеби, қобыз, жыраў, жыраўшылық өнер, сол өнердиң тийкарғы объекти дәстанларымыз халқымыздың изде қалған өтмиши, гөне тарийхы ғана болып қалмай, бизиң өтмишимизди аңлататуғын, бүгинги күнде де өз алдына миллет, халық сыпатында жасап турыўымыз ушын қан тамырларымызда тасқынлап турған ең зәрүр миллий, руўхый молекулаларымыз болып табылады.

**Әдебиятлар**


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.
2. Алламбергенов К. Мәнгилестирилиўи тийис мәдений мийраслар. / «Еркин Қарақалпақстан», 30-январь 2021-жыл, №13 (20567).
3. Баҳадырова С. «Китабы дедем Қорқыт», «Қоблан», «Едиге» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
4. Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.



**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада қорақалпоқ жировчилик мактаби, жировлар ва уларнинг асбоби қобиз ҳақида тарихий фикрлар келтирилган. Шунингдек, жировчилик ҳунарининг аввалги ва бугунги тақдири, ривожланиш ҳолати, миллий манавиятимиздаги ўрни, келажакда олиб бориладиган ишлар ҳақидаги масалалар ва муаммолар ўрганилиб чиқилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье представлены исторические суждения о каракалпакской школе джировизма, жировах и их инструменте «кобизе». В том числе были изучены вопросы и проблемы прошлого и настоящего джировизма состояние развития, ее роль в нашей национальной духовности, работы, которые предстоят проделать в будущем.

**SUMMARY**

The article presents historical opinions about the Karakalpak school of dzhirovism, fats and their instrument «kobiz». Moreover, it is studied the issues and problems of the past and present of the dzhirovism, the state of development, its role in our national spirituality, the work to be done in the future.


## ПОЭЗИЯҒА ӨЗЕК БОЛҒАН «ХАЛЫҚ СӨЗЛЕРИ»


**С.Баўатдинова –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** нақл-мақол, халқ, донолик, фольклор, урф-одат, анъана, тарих, бадиий санъат, миллий колорит.

**Ключевые слова:** пословицы-поговорки, народ, ум, фольклор, традиций, история, исскуство, национальный колорит.

**Key words**: proverbs and sayings, people, intelligence, folk, customs and traditions, history, art, cultural dimentions.


Шайыр И.Юсупов дөретиўшилигинде халық поэзиясының көп қырлы, қайта-қайта тапланып писирилген ширели сөзлери өнимли қолланылған. Әсиресе, оның дидактикалық мазмундағы қосықларында мәселен халық даналығының мол имканиятлары шеберлик пенен пайдаланылған.

Шайырдың «Халық сөзлери» қосығы бастан аяғына халық тәрепинен айтылып жүрген нақыл-мақаллар, фразеологизмге толы сөзлер болып, олар автор тәрепинен көркем трансформацияланып, қайта исленип, пүтин бир поэтикалық бирлик пенен системаластырып, қосық қатарларына енистирилип, терең мәнили шығармаға айландырылған.

«Халық сөзлери»ниң мазмуны тереңде, тарийх пенен тамырласып жатыр. «Халық сөзлери»не өзек болған нақыл-мақаллар шайырдың, қала берди халықтың ибрат мектеби. Оннан халық өмири даўамында үйренген, нақыл-мақаллардың мазмунын жаңалап жыр еткен. Халық өзи дөреткен әжайып нақыл-мақал сөзлерди және де көркемлеп нағыслайды, оларға тағы да өзгеше мәнилик бояўларын қосып, белгили бир дәўир ҳәм миллий колоритте сәўлелендиреди: Шайыр оларды және де дөретиўшилик лабораториясында (устаханасында) қайта ислеп, оларға жаңаша форма бағышлайды. Нәтийжеде, шайыр қәлеминен шыққан нақыл - мақаллар бурынғыдан да
көркем, бурынғыдан да тәсирли болып шығады.

Халқым дана десе болар,
Нақыл еткен били-биле,
Сөйлей-сөйлей шешен болар,
Көсем болар көре-көре.
Нақыл көптиң мүлки болар,
Адам сумы түлки болар,
Ийт жулдызға күлки болар,
Айға қарап үре-үре
Қорққанларға қос көринер,
Жолдаслық жолда билинер,
Жүргенге жормал илинер,
Көп көрерсең жүре-жүре [3].

Халқымыздың өмир тәжирийбелеринде ысылған нәсият сөзлери инсан өмири даўамында ең тийкарғы тәрбия қуралларының бири болып жасап келеди. Шайыр усы заңлылықты жақсы сезине отырып, «Халық сөзлери»не тағы да жаңа поэтикалық мазмун берип жанландырады.

Бизге белгили, көркем әдебият көркем өнердиң ең көп мүмкиншиликлерине ийе бир түри болып жәмийетте ағартыўшылық, дидактикалық бағдарда хызмет аткарады. Нақыл-мақал сөзлер узақ дәўирлерден берли халықтың руўхый дүньясын байытып, дидактикалық ой-пикирлерин кеңейтип, тереңлетип келешекте даналық пенен айтылған нақыл-мақалларда айырым адамлардың еки жүзли, сумлықлы, өз ҳалын билмейтуғын, қорқақ ямаса бир сөзли, ақыллы, парасатлы мәртлик қәсийетлерин шайыр бүгинги күнниң талаплары фонында көрсетилип береди. Нақыл-мақалларды образлылықты күшейтиўде, объектлерди, ўақыяларды көркем сүўретлеўде,